

Pataje Ras ak Orijin Etnik Ou Ede Nou Amelyore Sèvis la ak Aksè yo



Securing today
and tomorrow



Èske se yon nouvo oswa yon ranplasman ou ap reklame a Social Security (Sekirite Sosyal) number card?

Pataje ras ou ak enfòmasyon sou orijin etnik ou ede nou konnen si nou ap founi yon sèvis ekitab bay chak grenn moun ki vin chèche èd nan men nou. *Bay enfòmasyon sa yo, se yon bagay ki volontè epi sa p ap afekte aplikasyon w lan.*

Mèsi paske w ap ede nou amelyore sèvis la ak aksè yo! Pou jwenn egzanp sou fason nou itilize enfòmasyon sa yo pou rechèch ak finalite estatistik, vizite [ssa.gov/policy/about/racial-equity-resources.html](https://www.ssa.gov/policy/about/racial-equity-resources.html) (sèlman disponib nan lang anglè).

Kijan enfòmasyon sa a ap ede m?

Enpòtans enfòmasyon sa a se pou pèmèt nou livre yon sèvis jis ak ekitab bay tout moun. Li pèmèt nou tou pwopaje aksè nan pwogram nou yo epi fè nou konnen:

- Ki moun** avantaj peman nou yo ap ede.
- Ki moun** ki ka pa konnen avantaj yo ta ka kalifye pou yo.
- Ki obstak** envolontè ki ka afekte avantaj ak sèvis yo.
- Ki kote** pou nou deplwaye efò pou atenn moun ak fè plis konsyantizasyon sou pwogram nan.

Privacy Act Statement (Deklarasyon Lwa sou Konfidansyalite): Seksyon 702 Social Security Act (Lwa sou Sekirite Sosyal la), selon amandman an, pèmèt Social Security (Sekirite Sosyal) kolekte enfòmasyon sou ras ak orijin etnik, nou va itilize yo pou rechèch ak finalite estatistik. Bay enfòmasyon sa yo, se yon bagay ki volontè; pa bay tout oswa moso ladan yo p ap afekte w. Jan lalwa pèmèt sa a, Social Security (Biwo Sekirite Sosyal la) kapab itilize e pataje enfòmasyon ou soumèt yo. Nou ka pataje yo avèk lòt ajans federal, kontraktè, benefisyè, etidyan volontè, ak lòt moun jan sa endike nan itilizasyon woutin yo nan System of Records Notice (Avi sou Sistèm Achiv) (SORN, sig la an anglè) 60-0104, disponib sou www.ssa.gov/privacy (sèlman disponib nan lang anglè).